



Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE METRIZ DIFE FORÈ NAPANOCH POINT LAN NAN  
PAK ETA MINNEWASKA A**

***Efò plizyè ajans pa gad nasyonal eta, lokal ak patnè Metriz ensandi Quebec yo  
apre uit jou kondisyon danjere***

***Yon fòs ponpye Eta ak lokal ki pi piti ki te dirije pa Gad Forè Eta a ap kontinye  
kontwòle pak la pou nenpòt siy dife pandan efò kontwòl yo ap avanse***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke apre ui jou efò pou siprime ensandi forè nan Napanoch Point nan Rezèv Pak Eta Minnewaska a, te metrize kounye a. Gad Forè Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a ap dirije entèvansyon kont ensidan an nan koperasyon ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP), Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Lapolis Eta New York, Konte Ulster ak anpil lòt patnè Eta ak lokal. Aksyon entèvansyon nan zòn nan ap kontinye nan jou k ap vini yo ak yon fòs ekspè eta ak lokal ki pi piti pandan efò kontwòl dife yo ap avanse. Nan kòmansman semèn sa, Gouvènè a [te deplwaye](#) lòt resous Eta ki enkli pèsònal ak elikoptè Black Hawk UH-60 Gad Nasyonal Lame yo. Ven ponpye ki soti Quebec te rive nan New York jedi a pou sipòte entèvansyon an. Plis pase 200 ponpye, operatè bildozè, pilòt, ak lòt anplwaye pwofesyonèl ak volontè te travay pou metrize ensandi a pandan tout semèn nan.

"Pandan semèn ki pase a, ekip ponpye ak pèsònèl eta a, ajans lokal ak Pwovens Quebec te deplwaye pou konbat dife forè Rezèv Pak Eta Minnewaska a epi jodi a yo te reyisi metrize dife a konplètman," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou te pran mezi rapid, lanse yon entèvansyon ki kowòdone epi konsakre tout resous ki posib pou ede sekouris yo ranpli misyon yo. Mwen remèsye yo tout pou travay di yo, ki pase tan lwen fanmi yo epi travay san rete chak jou pou kenbe Nouyòk yo an sekirite."

Ensandi Napanoch Point lan nan Rezèv Pak Eta Minnewaska a te kòmanse samdi 27 out, akòz yon kout loraj yo sipoze ki te frape epi pwopaje nan anviwon 65 ekta nan pak la. Lapli ki te tonbe nan lannuit madi a te ede ralanti pwopagasyon ensandi a epi pèmèt ponpye yo konstui liy kontwòl yo. Vè [jedi swa](#), ensandi a te metrize a 40 pousan pa liy kontwòl yo epi vandredi swa, dife a te metrize a 75 pousan. Ensandi Napanoch Point

lan kontwòl a 60 pousan epi konsantrasyon pou jou k ap vini yo se pral pou abòde zòn chalè a pou reyalize kontwòl konplè. Yo prevwa lapli k ap vini aswè a ap ede aksyon entèkansyon kontini yo, epi lafimen ak chalè a ka kontinye pandan efò kontwòl dife yo ap avanse. Gen de lòt ensandi ki toupre ke y ap rezoud semèn sa a nan kad ensandi konplike Shawangunk lan, Stony Kill ak Wurtsboro, ki anba kontwòl nèt kounye a.

Rezèv Pak Eta Minnewaska a ap reouvri mèkredi 7 septanm. Kèk zòn nan rezèv la ap rete fèmen endefiniman pandan travay ap fèt pou remedye enpak yo nan pak la akòz dega yo, minimize ewozyon epi anpeche espas anvayisan yo entwodui. Santye sa yo ap rete fèmen:

- Smiley Carriage Road soti Ellenville rive Lake Awosting
- High Point Carriage Road
- Santye Berry Picker
- Santye Mine Hole

Depi lè ensandi yo te kòmanse, yon efò kowòdone sou resous eta ak lokal yo te sou teren an pou eseye etenn ensandi yo. Ponpye yo ap travay nan yon kòmandman inifye konjwen ke Gad Forè Eta a yo ap dirije. Gad Forè yo gen anpil eksperyans nan kòmandman ensidan ak estrateji pou siprime ensandi akòz fòmasyon vas yo ak [misyon koperasyon yo pou lite kont ensandi nan forè](#) nan lòt eta. Lòt resous multi-ajans yo enkli Avyasyon Lapolis Eta New York, ki te angaje de elikoptè ak kat pilòt chak jou, ki lage apeprè 400 galon dlo pa jou depi ensandi a te kòmanse. Chak nan de elikoptè Black Hawk Gad Nasyonal yo te jete 12 so dlo chak èdtan, pou yon gran total 129,000 galon. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la te deplwaye tou Ekip Jesyon Ensidan (Incident Management Team, IMT) Eta a ak plizyè ekspè kominikasyon ijans pou bay plis sipò. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) te aktive Plan Mobilizasyon Ensandi ak Èd Mityèl Eta ak Sant Operasyon Ensandi a pou asire kowòdinasyon alè resous adisyonèl yo.

Ven ponpye ki soti Quebec, Kanada, ki garanti atravè Kontra pou Pwoteksyon kont Ensandi nan Forè Nòdès (Northeastern Forest Fire Protection Compact), te rive jedi a. [Kontra](#) a, ki te etabli nan ane 1940 yo, bay eta manm li yo ak pwovens yo mwayen pou fè fas ak ensandi ki ta ka depase kapasite yon sèl manm atravè aktivite pataj enfòmasyon, teknoloji ak resous pataje (èd mityèl).

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Metriz sa se bòn nouvèl pou Minnewaska ak kominote ki antoure yo epi mwen remèsye Gad Forè DEC yo ak plizyè santèn lòt sekouris ki te travay lajounen kou lannwit pou konbat ensandi sa ak sikse. Travay yo ap kontinye jiskaske dife a ale nèt, epi n ap kontinye vijilans nou nan Hudson Valley ak nan tout eta a pou anpeche dife forè. Nou mande piblik la pou fè pati pa yo epi swiv prekosyon pou itilize dife nan tout sekirite nan sezon sa."

**Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare,** "Etap enpòtan sa se bòn nouvèl pou tout moun ki renmen Rezèv Pak Eta Minnewaska a. Mwen rekonesan ak

anplwaye Pak Eta nou yo ak tout patnè eta ak lokal yo ki te travay tèlman di nan semèn ki pase a pou pwoteje tout sa Minnewaska gen pou ofri."

**Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Mèsi a anplwajye ajans eta ak lokal sou teren yo nan Konte Ulster semèn pase a ki te travay ansanm, ansanm ak patnè nou yo ki soti Quebec, pou metrize dife sa anvan li pwopaje pi lwen. Entèkansyon sa te rive posib akòz lidèchip Gouvènè Hochul ak patenarya nou genyen anplas ki fonksyone pou kenbe Nouyòkè yo ansekirite kont danje."

**Sipèrentandan Lapolis Eta New York la, Kevin P. Bruen, te deklare,** "Akoz efò san rete tout patnè ki te enplike yo, dife forè yo te metrize kounye a. Mwen vle felisite gason ak fanm sou teren yo ak sa ki te nan lèzè yo ki te fè travay di pou mete ensandi yo sou kontwòl."

**Majò Jeneral Raymond Shields, Jeneral Adjwen New York lan, te deklare,** "Sòlda ak Avyatè nou yo kontan ke yo te jwe yon wòl, ansanm ak lòt ajans eta yo, pou mete dife sa sou kontwòl."

**Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Patrick K. Ryan te deklare,** "Gouvènè Hochul te la ak nou nan yon tanpèt nèj, koupri kouran, tònad, dife forè, e sa se sèlman pandan ane ki pase a nan Konte Ulster. Byenke sa te enkyetan pou nou genyen tout katastwòf natirèl tèrifyan sa yo nan ane ki pase a, mwen fyè de fason kominote nou an te travay ansanm san rete pou ede youn lòt."

Rejyon Hudson Valley ak Catskill New York yo rete nan gwo risk danje ensandi ([gade Kat Danje Ensandi aktyèl la](#)), sa vle di ensandi deyò gen posiblite pou pwopaje byen vit, sitou si van leve. Dife ka vin grav epi difisil pou kontwole sòf si yo metrize yo avèk siksè pandan yo piti.

Aktyèlman yo entèdi tout dife kan ak boukan dife anplènè nan Pak Eta nan Rejyon Mid-Hudson lan. Vizite [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov) pou plis enfòmasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418